



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MANM FONDATÈ KONSÈY KONSILTATIF
TEKNOLOJI K AP DEVLOPE NAN NEW YORK**

Direktè Egzekitif Jeneral IBM ak Girls Who Code yo pral dirije Gwoup Konseye Endepandan pou enfòmè ak akselere transfòmasyon New York pou tounen yon sant inovasyon

Manm yo enkli lidè ki soti nan entèlijans atifisyèl, fabrikasyon avanse, finans, byoteknoloji ak lòt endistri yo, ak lidè ki soti nan òganizasyon san bi likratif ki gen renome mondyal ki konsantre sou ekite ak mendèv

Baze sou Angajman Gouvènè a pou devlope endistri inovatè yo nan Eta New York epi fè New York vin kapital IA ki responsab.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a manm nouvo Komisyon Konsèy Konsiltatif Teknoloji ki ap Devlope yo, yon gwoup endepandan lidè endistri ki responsab pou trase pakou pou yon ekosistèm teknoloji k ap pwospere nan Eta New York. Konsèy Konsiltatif la, ki ko-prezide pa Direktè IBM Arvind Krishna ak Direktè Girls Who Code Ofisye Doktè Tarika Barrett, pral ede ranfòse angajman Gouvènè a pou fè New York tounen kapital devlopman responsab ak itilizasyon IA (Entèlijans Atifisyèl) ak teknoloji k ap devlope yo. Konsèy la reflekte tou divèsite panse ak eksperyans New York, ki gen ladan lidè konpayi ki etabli yo, pyonye rechèch, lidè san bi likratif ak pratik endistri ki ap fòmè aktivman avni teknoloji ki ap devlope nan Eta a.

"New York ap bati yon repitasyon mondyal kòm plas kote biznis yo vin grandi, inovè epi kòmanse kreye teknoloji pou lavni," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anba lidèchip Arvind ak Doktè Barrett, Komisyon Konsèy Konsiltatif Teknoloji k ap Devlope sa a pral ede nou sezi bon moman sa a epi bati yon ekonomi modèn, enklizif, ki chita sou entèlijans atifisyèl, semi-kondiktè, ak lòt sektè ki ap grandi rapid, ki pral debloke opòtinite pou yon pakèt Nouyòkè."

Prezidan ak PDG IBM Ian, Arvind Krishna, te deklare, "Mwen onore pou mwen ko-prezide Konsèy Konsiltatif Teknoloji k ap Devlope nan New York ki fèk anonse a, ansanm ak Doktè Tarika Barrett. Gwoup lidè sa a pral ede asire ke New York kontinye ap pwospere kòm yon sant mondyal pou teknoloji dènye kri tankou semi-kondiktè, IA,

ak enfòmatic kantik. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te òganize gwoup sa a ak lidèchip li nan trase avni New York ak kominote nou yo."

Direktè Egzekitif Jeneral Girls Who Code, Doktè Tarika Barrett, te deklare, "Mwen onore pou mwen rejwenn Arvind Krishna nan akeyi nouvo manm Komisyon Konsèy Konsiltatif Teknoloji k ap Devlope yo epi mwen espere kolabore avèk yo pandan nou ap mennen New York nan yon epòk eksitan nan avansman teknolojik. Eksperyans fòmidadab yo ak pasyon pou pwogrè yo pral enpòtan anpil pou rezoud pwoblèm ijan mendèv nou ki ap chanje. Si nou vle New York vin yon lidè nan pwochen jenerasyon teknoloji k ap devlope yo, nou bezwen envesti nan divès kominote nou yo kounya, epi asire yo pare pou okipe travay nan lavni."

Konsèy Konsiltatif Teknoloji k ap Devlope a gen ladann manm sa yo:

1. **Doktè Tarika Barrett (ko-prezidan)**, Direktè Egzekitif Jeneral, Girls Who Code
2. **Arvind Krishna (ko-prezidan)**, Direktè Egzekitif Jeneral ak Prezidan, IBM
3. **Albert Bourla**, Direktè Egzekitif Jeneral, Pfizer
4. **Richard Buery**, Direktè Egzekitif Jeneral, Robin Hood
5. **Bertina Ceccarelli**, Direktè Egzekitif Jeneral, Npower
6. **Somak Chattopadhyay**, Asosye Direktè, Armory Square Ventures
7. **Mario Cilento**, Prezidan AFL-CIO Eta New York
8. **Dev Ittycheria**, Direktè Egzekitif Jeneral, MongoDB
9. **Joanna Geraghty**, Direktè Egzekitif Jeneral, JetBlue
10. **Lyndie Hice-Dunton**, Direktè Egzekitif, National Offshore Wind Research & Development Consortium
11. **René F. Jones**, Direktè Egzekitif Jeneral, M&T Bank
12. **Lynn Martin**, Prezidan, The New York Stock Exchange
13. **Sanjay Mehrotra**, Direktè Egzekitif Jeneral, Micron
14. **Aparna Pappu**, Vis Prezidan ak Direktè Jeneral of Espas Travay, Google
15. **Julie Samuels**, Prezidan ak Direktè Egzekitif, Tech:NYC
16. **Lisa Sobierajski Avila**, Direktè Egzekitif Jeneral, Kitware
17. **Pat Wang**, Direktè Egzekitif Jeneral, Healthfirst
18. **Darren Walker**, Prezidan, Ford Foundation

Komisyon Konsèy Konsiltatif Teknoloji k ap Devlope yo pral konsantre sou livrezon rekòmasyon nan plizyè domèn kle nan teknoloji li ap devlope yo. Premye sis mwa yo pral konsantre sou IA, ki gen ladan asire yon ekosistèm pou teknoloji ki ap parèt yo fleri; deplwaye IA ki ouvè, yo ka fè konfyans ak responsab sou gwo anplè; prepare mendèv la pou pwofite opòtinite yo; epi demokratize ak chanje "fas IA."

Pwogram Inovasyon Gouvènè Hochul

Gouvènè Hochul rete angaje pou l mennen inovasyon atravè Eta New York pou atire gwo anplwayè yo epi kreye djòb 21yèm syèk ki byen peye. Nan kad Bidjè ane fiskal 2025 li a, Gouvènè a te asire yon akò istorik ak Lejislati a pou etabli Empire AI, yon premye regwoupman antrepriz konsa pou asire plas New York devan nan rechèch

entèlijans atifisyèl. Konsòsyòm lan pral pwofite yon investisman 275 milyon dola pou kreye ak lanse yon sant enfòmatisyèl entèlijans atifisyèl dènye modèl nan kanpis University at Buffalo a. Sant lan pral itilize pa enstitisyon prensipal New York yo pou ankouraje rechèch ak devlopman responsab, kreye djòb ak avanse IA (Entèlijans Atifisyèl) pou byen piblik la. Pwojè a pral jwenn sipò Eta a ak sèt enstitisyon fondatè – Inivèsite Columbia (Columbia University), Inivèsite Cornell (Cornell University), Inivèsite New York (New York University), Enstiti Politeknik Rensselaer (Rensselaer Polytechnic Institute), Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) ak Enstiti Flatiron (Flatiron Institute) – ansanm ak lidè yo nan endistri a.

Gouvènè a te siyen anvan sa lejislasyon istorik Green CHIPS New York pou estimile rechèch, devlopman ak fabrikasyon nan Eta New York epi li te anonse yon patenarya 10 milya dola pou pote rechèch pis pwochen jenerasyon an nan Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la. Gouvènè a te kontinye fè avanse yon Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola pou sipòte inovasyon nan rechèch byomedikal. Epi, atravè investisman estratejik tankou inisyativ 113.7 milyon dola Battery-NY, Gouvènè Hochul te ankouraje kwasans dirabilite, teknoloji vèt, ak ekonomi depo enèji nan Eta New York.

Ajanda inovasyon Gouvènè a te katalize gwo investisman piblik ak prive, ki transfòme ekonomi New York epi kreye travay ki byen peye nan lavni. Dènyèman, GlobalFoundries te anonse yon investisman 11.6 milya dola pou elaji kanpis fabrikasyon pis li yo nan Rejyon Kapitol New York, sa k ap kreye 1,500 djòb dirèk ak plizyè milye djòb endirèk. An 2022, Micron te anonse yon investisman 20 ane, 100 milya dola pou kreye yon kanpis megafab nan Sant New York, k ap kreye 50,000 nouvo djòb dirèk ak endirèk epi debloke plizyè santèn milyon dola nan benefis kominote a. Inisyativ Syans Lavi Gouvènè a te ede solidifye seleksyon New York pou 300 milyon dola Chan Zuckerberg Biohub New York, yon sant rechèch byomedikal nan Vil New York, ak gwo investisman Schrödinger, Inc., Deerfield Discovery and Development, ak lòt biznis syans lavi yo. Nan kòmansman ane sa a, National Science Foundation te anonse tou yon investisman 160 milyon dola nan Motè Estokaj New Energy New York nan Inivèsite Binghamton pou etabli yon sant pou inovasyon, tradiksyon teknoloji, ak devlopman mendèv pou ogmante kapasite endistri batri domestik la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)